

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Sabada ngabahas ngeunaan *Ngaras*, panalungtik nyindekkeun yén *ngaras* téh kaitung upacara anu anyar; mimiti dipresentasikeun tahun 1983 ku Budayawan R. Hidayat Suryalaga dina upacara pranikahan salah sahiji putra Gubernur Jawa Barat dina mangsa harita nya éta H. Aang Kunaéfi.

Dina *ngaras* loba pakakas anu digunakeun, ieu pakakas miboga silokana sewang-sewangan. Nurutkeun narasumber pakakas inti dina *ngaras* aya tujuh rupa, nya éta, sinjang tujuh potong, cai, kembang setaman, palita, seuseungitan, anduk koneng, jeung tatangkalan.

Prak-prakanana *ngaras* di Baleendah téh kabagi jadi opat tahap nya éta tahap tatahar (saméméh upacara), prak-prakanana upacara nya éta tahap pas dina prungna acara, sabada upacara, jeung réngséna acara. *Ngaras* dimimitian ku acara ngengagkeun aisan, kedal lisan, *ngaras*, tuluy sungkeman ka ibu-rama, kulawarga jeung tamu.

Ulikan ngeunaan unsur sémiotik (ikon, indéks, jeung simbol) anu aya dina *ngaras* téh bisa katitén tina runtuyan acarana, sarta pakakas-pakakas, anu digunakeun dumasar kana hasil wawacara sabada panalungtikan. Ikon anu kapanggih dina *ngaras* di Baleendah téh aya tilu nya éta kanthil atawa campaka, kananga, jeung kendi. Indeks anu kapanggih dina *ngaras* di Baleendah téh aya salapan, nya éta *ngaras*, pecag aisan, kedal lisan, sungkem, doa, pangampura, tujuh palita, parfum, jeung sora ibu-ibu pangajian. Simbol anu kapanggih dina *ngaras* di Baleendah téh aya lima wélas nya éta sinjang tujuh potong (anu ngalambangkeun taneuh, cai, seneu, mega, kai, angin, jeung langit), cai hérang,

jambangan, rampé, tujuh palita, seuseungitan, malati, eros bereum, eros bodas, hanjuang beureum, saun suji, daun puring, séréh, salah, jeung kendi dicaian.

Dina ngaras téh euyeub ku siloka jeung ma'na-ma'na anu ngawujud dina wangun ajén-inajén. éta ma'na-ma'na anu nyampak téh kudu dipikanyaho ku nonoman atawa rumaja kiwari ogé ku generasi sanggeus urang. Éta ma'na-ma'na anu nyampak téh bisa dijadikeun dadasar ku masarakatna dina ngalakonan kahirupan sapopoé, sarta bisa ngeuyeuban jeung nambahan pangaweruh katut informasi anu dibutuhkeun ngeunaan ngaras di Baleendah.

Ngaras minangka upacara adat pranikah di tatar parahyangan anu luhung kana budaya jeung agama. Sabab hampir kabéh dina prak-prakanna ngaras ngacu kana ayat anu aya di Al-Qur'an. Saperti urang salaku budak kudu ngahormat ka kolot, nanaon anu ku urang arék dipilampah téh kudu boga restu ti kolot, salaku budak kudu bisa mawa alus ngaran kulawarga, kudu miboga laku lampah anu hade sangkan jadi picontoeun batur.

5.2 Implikasi

Ngaras di Kecamatan Baleendah, Kabupaten Bandung, mangrupa salah sahiji upacara tradisi anu beunghar kabudayaanana, luhung agamana, sarta ngeuyeuban rupaning budaya di tatar Sunda. Panalungtikan ngeunaan ngaras di Baleendah tangtu ngabutuhkeun sababaraha *elemen* masarakat pikeun jadi objék sarta narasumber dina ieu panalungtikan. Kabeungharan budaya di tatar Sunda hususna dina ngaras di Baleendah ditalungtik sangkan bisa méré mangpaat, salah sahijina mangpaat pikeun dokuméntasi kabudayaan.

Dokuméntasi kabudayaan lian ti miboga mangpaat sangkan entragan saterusna apal kana adat-istiadat jeung kabudayaan éntragan saméméhna, ogé bisa dimangpaatkeun keur kabutuhan séjén, saperti pikeun ngeuyeuban data atawa dadasar panalungtikan anu aya patalina jeung budaya, sarta bisa dijadikeun udagan atawa babandingan pikeun panalungtikan ngeunaan kabudayaan hususna di tatar Sunda.

5.3 Rékomendasi

Nurizka, 2016

**SIMBOL JEUNG MA'NA DINA RUNTUYAN UPACARA ADAT NGARAS DI KECAMATAN BALEENDAH
KABUPATEN BANDUNG**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Panalungtikan ngeunaan ngaras di Baleendah, tangtu loba kénéh kurangana, kawatesanan ku waktu, cara ngumpulkeun data sarta sampel masarakat anu jadi narasumber ogé hal-hal séjén anu patali jeung metode ngeunaan panalungtikan masih kénéh kudu dilengkepan. Kabeungharan budaya dina ieu tradisi sabenerna loba kénéh, lantaran ieu panalungtikan kawatesanan jeung museur kana hiji hal, ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan anu leuwih daria kana hal-hal séjén anu patali jeung ieu tradisi.

Salah sahiji objék anu ngirut sarta bisa dijadikeun panalungtikan di ieu tempat nyaéta rupa-rupa upacara adat pra nikah anu sok diayakeun. Saperti ngeyeuk sereuh, siraman, aya ogé kasenian anu bisa ditalungtik di Baleendah saperti kasenian beluk. Sababaraha upacara adat jeung kasenian éta bisa ditalungtik sarta bisa didokuméntasikeun pikeun daptar kasenian anu aya di tatar Sunda.